



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEFI SANTENÈ PAK ETA NEW YORK 2024 LA

*Selebre 100èm anivèsè Sistèm Pak Eta a lè yo patisipe nan yon seri aktivite ak pwogram*

*Patisipan yo ka genyen yon otkolan komemoratif ak yon chans pou yo genyen Kat Empire yo*

[Gade videyo Defi Santenè a pou aprann kijan li fonksyone](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon defi selebrasyon ki dire tout yon ane ke tout rezidan ak vizitè Eta New York yo ka patisipe pou eksplòre pak eta nou yo, aprann sou istwa New York, epi bay Pak Eta New York an retou pou pwochen jenerasyon avantirye yo. Prepare pou kòmanse 1e janvyè 2024, Defi Santenè Pak Eta New York (New York State Parks Centennial Challenge) la gen ladan l 100 misyon ki ka ranpli nan divès pak eta ak sit istorik yo. Patisipan yo ap bezwen ranpli 24 misyon atravè 2024 pou yo leve defi a.

"Gen anpil bagay pou fè nan gwo sistèm pak eta nou an, epi defi Santenè a se yon bon fason pou prezante Nouyòkè yo ansanm ak vizitè yo, nan pwopriyete istorik ak enspiran nou yo pou selebrasyon 100èm anivèsè 2024 la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sistèm pak nou an se yon kote enkwayab pou vizite pandan tout ane a, epi Defi Santenè a se yon gwo aktivite pou tout moun k ap deside pou yo gen yon Nouvèl Ane ki amizan epi ki ranpli ak avanti."

[Defi Santenè](#) a fè pati selebrasyon kap dire tout yon ane nan kad 100èm anivèsè fondasyon sistèm pak ak sit istorik nan tout eta New York. Selebrasyon an pral alafwa mete aksan ak bati sou youn nan pi gwo eritaj anviwònmanal Eta New York la. An 1924, Gouvènè Alfred E. Smith ak Lejislati Eta a te kreye [Konsèy Pak Eta New York](#) la pandan ke votè yo te apwouve yon lwa ou obligasyon 15 milyon dola pou konstwi ak elaji yon rezo pak Eta, ki te fòme sistèm sit ak pak istorik Eta New York la ke rezidan ak vizitè Eta New York yo konnen ak ancheri jodi a.

**Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Defi Santenè a se yon bèl opòtinite pou eksperimante opòtinite san parèy pou rekreyasyon, kilti ak edikasyon deyò ki disponib nan sistèm Pak Eta New York la. Ou ka deja gen yon pak ou prefere oswa

yon aktivite prefere, men gen plis pou tout moun wè ak fè—kit se lokalman oswa atravè eta a. Mwen ankouraje rezidan yo ak vizitè yo pou yo leve defi a pou yo dekouvri nouvo fason enteresan pou jwi kote etonan sa yo."

Defi a fèt pou moun ki gen tout kapasite yo leve li epi yo ka fini lè yo vizite pak ak sit istorik atravè eta a oswa rete nan youn ki toupre kay yo.

Kèk egzanp "misyon" [Defi Santenè](#) yo enkli:

- Ale nan kan nan youn nan plis pase 8,500 sit kan yo
- Vizite yon pak eta oswa yon sit istorik ki "nouvo pou ou" epi ale nan yon piknik
- Anbale paten ou yo epi ale patine nan youn nan patinwa pak eta yo
- Pale ak yon entèprèt sou istwa yon sit istorik eta
- Rejwenn yon evènman volontè
- Aprann prensip Pa Kite Tras (Leave No Trace) yo epi aplike yo pandan pwochen vizit ou a

Patisipan yo pral bezwen ranpli 24 misyon (genyen 24 pwen) pandan 2024 pou yo ka leve defi a. Moun ki ranpli li pral genyen yon otokolan Santenè komemoratif, epi, an retou, yo pral patisipe nan yon konkou pwomosyonèl kote 24 patisipan ki gen chans pral genyen yon [Kat Empire](#) pou twazan ak pwodui Santenè. Pou chak 10 pwen adisyonèl, patisipan yo pral resevwa yon lòt patisipasyon nan konkou pwomosyonèl la. Tiraj osò pwomosyonèl la ap fèt nan semèn 13 janvye 2025. Yo pral aksepte soumisyon (ke yo voye alafwa pa lapòs ak atravè aplikasyon Goosechase la) jiska 10 janvye 2025.

### **Fason li Fonksyone**

Patisipan yo ka patisipe lè yo telechaje yon aplikasyon sou telefòn yo oswa ranpli yon fòmilè papye.

Aplikasyon Goosechase la

- Patisipan yo ka leve defi a pandan yo sou wout la lè yo telechaje aplikasyon Goosechase la sou telefòn yo nan magazen aplikasyon [iPhone](#) oswa [Android](#) yo
- Chèche "Defi Santenè Pak Eta NY" (NY State Parks Centennial Challenge) pou w rantre
- Yon fwa yo rantre, patisipan yo ka kolekte pwen lè yo ranpli misyon yo dirèkteman nan aplikasyon an swa lè yo pran ak telechaje foto oswa videyo oswa voye yon repons pou yon kesyon

Lis verifikasyon

- Ou ka telechaje yon lis verifikasyon an papye sou [sit entènèt](#) Defi Santenè nou an epi enprime li lakay ou oswa yo ka pran li nan pak eta lokal ou a oswa nan sit istorik la

- Kolekte pwen lè w tcheke misyon yo nan lis la epi voye lis verifikasyon an pa lapòs yon fwa patisipan yo genyen 24 pwen

Pou plis enfòmasyon sou Santenè Pak Eta New York la, vizite <https://www.parks.ny.gov/100/challenge>.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 79.5 milyon vizitè an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre Santenè nou pandan tout ane 2024 la epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [Twitter](#), ak [Blòg OPRHP la](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)